


## Tande pawòl yon Ekspè: Syans Prediksyon Siklòn



Se vre, previzyon siklòn yo chanje. Toudenkou, yon tanpèt ki pi fò ak van ki pi fò ap vini sou yon trajektwa yo te prevwa ki chanje pa 30, 40, oswa menm 60 mil.

Megan Borowski, yon meteyolojis esperimante nan Florida Public Radio Emergency Network, di syans tanpèt la fè anpil pwogrès – epi li vin pi egzak pase jan l te ye yon deseni oparavan – men gen kèk bagay pwopriyete kay yo ta dwe kenbe nan tèt yo lè y ap swiv move tan an pandan sezon siklòn nan.

“Nou ka eseye kapte lwa fizik yo ak tout sa k ap pase nan atmosfè a,” dapre Borowski. “Men pral gen erè... sitou pandan n ap avanse.”

“Yon previzyon senk jou alavans ap mwens egzak ke yon previzyon petèt 48 èdtan davans,” li te di. “Kidonk, rete branche.”

### ABC Prediksyon Siklòn

Ki resèt pou siklòn yo? Borowski di meteyolojis yo chèche an premye twoub atmosferik nan nivo siperyè avèk mouvman vètikal. Ajoute dlo lanmè cho (de preferans 80 degre oswa plis), melanje nan van k ap deplase nan menm vitès la ak nan menm direksyon an, epi men li – engredyan pou yon siklòn.

Lè sa rive, ekspè metewolojik ki konsène sou Florida yo ap chèche kondisyon sa yo sou Atlantik la epi

yo konte sou [Sant Nasyonal Siklòn](#) (NHC) pou bay previzyon twopikal pou de jou ak sèt jou pou mete aksan sou zòn ki gen kalite devlopman sa a.

“Après sa, si nou kòmanse gen tanpèt k ap devlope, nou pral siveye done satelit ak done rada (pou devlope prediksyon nou pou Florida” dapre Borowski, ki gen rezo ki transmèt prediksyon li yo nan radyo, [sitwèb li](#), ak lòt kote, tankou aplikasyon mobil [Florida Storms](#).

Done ki soti nan satelit ak avyon chasè siklòn yo ede amelyore previzyon yo. Yo voye yo anndan tanpèt yo pou kolekte done atmosferik enpòtan ke satelit yo pa ka bay.

Omwens yon douzèn òganizasyon metewolojik patou nan lemond pwodui modèl prediksyon pou trase trajektwa yon tanpèt. Yo rele yo “modèl espageti” paske trajektwa sa yo varye an jeneral epi yo sanble ak espageti lè ou trase yo sou yon kat. Previzyonis tankou Borowski jeneralman itilize yon konsansis modèl sa yo pou previzyon ofisyèl yo.

### Poukisa Previzyon yo Chanje?

Borowski di plizyè faktè eksplike chanjman nan previzyon yo. Premyèman, previzyon yo vin pi egzak pandan plis done vin disponib. Yo kolekte done nan satelit ak avyon chasè siklòn, lè yo obsève

konpòtman yon tanpèt nan tan lontan, epi lè yo siveye van an, dlo a ak lòt kondisyon yo sou chemen tanpèt la prevwa pran.

“Epitou, jan tanpèt la vin pi fò oswa pi fèb, sa gen enpak sou kijan li ap dirije.” Li te di.

Yon nouvo fenomèn ki rele “entansifikasyon rapid” te devlope nan dènye lane yo e li afekte previzyon siklòn nan. Syantifik yo kontinye ap eseye konprann poukisa siklòn yo ap vin pi fò pi rapidman nan jou sa yo.

Borowski di fenomèn nan ka gen rapò ak tanperati oseyan ak lanmè ki pi cho, men li kapab gen rapò tou ak mwens sizayman van, ki jeneralman ralanti pwogresyon tanpèt yo. Yo kontinye ap etidye fenomèn nan.

“Nou senpleman nan anfans syans lan nan nivo sa a,” li te di. “Epi modèl yo pa bon pou kaptire li (efè a).”

Previzyon modèn siklòn sove anpil vi ou pa ka konte e l ap kontinye amelyore, men pwopriyete yo dwe fè pati pa yo pou kenbe yo menm ak fanmi yo an sekirite. Pi bon konsèy Borowski se pou rete enfòme.

“Mwen ta prèske di atann ke prediksyon an ap chanje. Amezi n ap ateri, se lè sa a n ap vrèman ka vize sib la.”

### Tout Vini Ansanm an Septanm

Si ou te viv Florida omwens pandan kèk sezon tanpèt, ou santou se an septanm tout bagay akselere. Sa se paske nan kòmansman mwa Septanm, dlo ki antoure Florida yo fin cho fe ase pandan plizyè mwa ete an, sa ki bay kondisyon favorab pou fòmasyon vag twopikal.

“Nou te gen tout ete a pou tout bagay aliye”, dapre Borowski. “Se lè oseyan an ak atmosfè a rann yo kont nou te gen sòlètis ete kèk mwa anvan sa. Tout bagay la se yon kesyon de dekalaj ant ete astwonòmik avèk ratrapaj konplèks oseyan ak atmosfè a.”

Statistikman pale, 10 septanm se pik sezon siklòn nan, dapre done aktivite tanpèt ki dire plizyè dizèn ane. Se tou nan menm peryòd sa a nou selebre Fèt

Travay, ki kreye anpil souvni pou anpil Floridyen pou yo toujou gen yon plan babekyou en rezèv, nan ka tan an pa kolabore pou dènye gwo wikenn ete a.

### Ki moun ou ka Fè Konfyans?

Rete konekte avèk enfòmasyon fyab se yon pati kle nan preparasyon siklòn. Borowski rekòmande sous sa yo pou previzyon ak enfòmasyon enpòtan sou siklòn:

- [Sant Nasyonal Siklòn](#)
- [Aplikasyon Tanpèt Florida yo](#)
- [Rezo Ijans Radyo Piblik Florida](#)
- [Divizyon Jesyon Ijans Florida](#)
- [Radyo Meteyo NOAA](#)

Rezo Operasyon Kominikasyon ak Alèt Ijans Emisyon an ([BEACON](#)), ki se yon nouvo sèvis, disponib pou itilizasyon apati 2025. Rezo sekirize sa pou biwo jesyon ijans leta ak lokal yo mete kanpe pou bay alèt ak enfòmasyon sekirite anvan, pandan ak apre yon kriz.

Avèk tout resous serye ki genyen pou predi siklòn, pa te janm gen yon peryòd ki pi fasil pou swiv trajektwa yo, kidonk rete branche pandan sezon siklòn sa a ak tout lòt sezon yo.


### Nouvo Nimewo Telefòn oswa Imèl? Fè Nou konnen!

Aktyalize enfòmasyon kontak ou ak Citizens pou toujou rete ajou.

Rantre an kontak lè ou:

- Konekte nan myPolicy
- Rele ajan ou a
- Kontakte nou 866.411.2742

## Ki sa ki genyen pou Soupe? Edisyon Blakawout



Pifò sware yo, gen yon refren abityèl ki klenwonnen soti nan yon kay al nan yon lòt. Non, se pa chante lasigal yo oubyen kri chwèt yo nan lè solèy kouche —Se refren jamè absan ki di “Kisa n ap manje aswè a?” Planifikasyon meni chak swa deja ase difisil, e kounye a nou gen sezon tanpèt la pou nou konsidere anplis tout lòt bagay.

Planifye repa ki fasil pou prepare ak sa ou genyen nan kit siklòn ou a ka byen vit tounen yon gwo defi ou bezwen leve pou w reyisi.

### Kòmanse ak sa ki esansyèl yo: Sekirite ak Pwovizyon

Menm jan ak pifò bagay ki gen rapò ak tanpèt, pi bon estrateji a se devlope yon plan byen òganize epi òganize efò preparasyon ou yo otou tout moun nan kay la. Alò, kijan pou ou kòmanse? Revize baz sekirite alimantè yo nan [gid pratik sa a ki](#) founi pa Depatman Agrikilti Gouvènman Etazini an(USDA), ki bay konsèy sou sa pou fè anvan, pandan, ak apre yon katastwòf.

Yon bon règ pou swiv se prepare yon lis acha epi ranpli twous manje ou selon sa fanmi ou prefere, pa sèlman paske yo sou yon lis rekòmande. Bank Manje Houston nan gen yon lis [verifikasyon manje](#) ki pa gate fasil pou enprime pou ede w kòmanse. Pandan ke anpil manje nan bwat bon pou yon bon bout tan, sonje pou veye dat ekspirasyon yo epi sèvi ak yon orè wotasyon pou pa gen anyen ki gaspiye.

### Planifye Davans pou fè Acha epi Ekonomize

- **Achte alavans e fè pwovizyon lè atik yo nan pwomosyon.** Pa kite tèt ou cho nan preparasyon dènye minit yo. Nou tout deja

wè foto etajè vid ak koulwa magazen ki prèske pa gen anyen pandan kèk èdtan anvan yon tanpèt frape.

- **Òganize atik nan kit la ki kapab fasilman rasanble ansanm pou fè manje.** Senplisite se pi bon resous ou. Rete pratik lè ou prepare manje ou nan 15 minit depi ou kòmanse jouk ou fini. Fason sa, lè tout tèt cho, ou gen yon aktivite senp ak rapid e senp pou okipe menm sila ki pi mabyal yo nan gwoup la. Elèv Inivèsite Entènasyonal Florida yo te devlope yon [Liv Resèt pou Prepare pou Siklòn](#) avèk konsèy preparasyon, lis acha, ak resèt entelijan pou repa ekilibre lè yo sèvi avèk bagay ki fasil pou mete nan twous la.
- **Kwit manje pa pakèt anvan tanpèt la.** Gen Floridyen ki gen eksperyans nan tanpèt ki rekòmande pou kwit manje an gran kantite anvan tanpèt la. Panse a bagay senp men ki satisfèzan, tankou pen gato oswa pen rapid pou manje maten ak ti goute, kinowa (oswa yon lòt grenn menm jan) pou salad oswa repa debaz, epi ze bouyi ak bekonn pou opsyon pwoteyin rapid. Pou moun ki bezwen yon tas kafe pou kòmanse jounen an, prepare yon tèmòs pou ka gen yon tas kafe cho garanti, epi apre sa yon kafe frèt tou pare pou mete disponib.

### Òganize Manje yo an Lòd Priorite epi Kwit yo avèk Objektif

Anvan tanpèt la touche tè, priorize manje ki pa gate fasil lè ou ranje yo nan frijidè oswa frizè ou. Mete tout sa ou ka itilize fasilman ak rapid devan, epi rasanble atik ki ka kenbe pi lontan nan fon pou yo rete pi fre pi lontan. Yon frizè ki plen ak kenbe tanperati li pou 48 èdtan.

Ewo ou yo nan premye èdtan yo se bagay ou pa bezwen chofe pou manje. Sèvi ak kèk teknik kanpin tankou twous diri oswa kouskous frèt tranpe, twous salad vyann nan bwat, oswa bwason pwoteyin ki ka konsève sou etajè kòm posiblite fasil ak kreyatif.

Gen anpil metòd pou kwit manje san kouran men sonje: sekirite an premye. Pa griye oswa eseye kwit manje sou yon flanm dife andedan kay la. Tann jiskaske tanpèt la fini anvan ou kwit manje deyò.

Kwizin sou griy se yon opsyon vèsivès a ki pèmèt ou chofe manje nan bwat oswa manje ki deja prepare, oswa sèvi ak griy la kòm yon fou kole pyese pou kwit atik ou ta nòmalman mete nan fou. Istansil ki kapab itilize sou griy fè kwit manje vin pi fasil epi ba ou plis opsyon pou prepare manje. Asire ou genyen ekipman sekirite tankou gan pou griy, moso twal ki kenbe chalè, ak yon ekstenktè dife tou pre ou.

Recho kan yo itil tou pou bagay ki bezwen yon jesyon tanperati ki pi konsantre oswa si ou pi alèz ak kwit manje sou recho. Gen diferan modèl, soti nan ti recho yon sèl fwaye ki fèt pou randone, rive nan pi gwo recho ak de fwaye ki sèvi ak gaz pwopàn. Li pi bon pou fè rechèch sou estil ki disponib nan zòn ou an epi pratike ak ekipman an anvan ou oblije sèvi ak li kòm sèl opsyon ou. Se la resous kanpin sou [kijan pou itilize ak antreteni recho pòtab](#) yo pral itil.

### “Soupe a Pare!”

Jwenn konfò atravè metòd pou kwit manje altènatif ak pwodui debaz nan gadmanje a ka chanje tout bagay apre yon tanpèt. Epi kiyès ki konnen, yon lide isit la ta menm jwenn solisyon pafè a pou kalme chantaj chak swa a nan diskite lide ak opsyon pou soupe.

## Twous Pwovizyon Esansyèl pou Chak Manm Fanmi



Kit w ap evakye oswa w ap pran refij sou plas, li enpòtan pou w prepare yon twous ijans pou asire yon repons rapid e efikas nan ka ta gen yon katastwòf. Twous ou a pa bezwen chè, epi ou kapab deja gen anpil atik nesèsè lakay ou.

Anba la a, gen kèk konsèy pou asire w ke ou gen tout bagay debaz yo pare, kit w ap rasanble yon

nouvo twous oswa w ap mete ajou youn ki egziste deja.

### Bagay Esansyèl yo

Lakwa Wouj Ameriken rekòmande pou moun sere yon rezèv dlo ak manje ki pa gate fasil pou omwen twa jou pou evakyasyon oubyen yon rezèv pou de semèn pou moun rete lakay yo.

Lòt atik yo rekòmande yo gen ladan yo yon [radyo meteyo Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik \(NOAA\)](#), flach, pil anplis, yon zouti ki gen plizyè fonksyon – tankou yon kouto Swis – atik ijyèn pèsònèl, yon rezèv medikaman pou sèt jou, yon twous premye swen konplè, yon chanjman rad pou twa jou, lajan kach, gaz, ak materyèl sanitè tankou ti sèvyèt mouye pou tibebe ak klowòks pou kay la.

### Sa ou Ka Bliye

Pandan anpil Floridyen abitye ak bagay esansyèl yo, gen lòt bagay yo souvan neglije, tankou:

- **Pwovizyon pou bèt kay:** Ki gen ladan manje, dlo, kòd chen, ak medikaman pou bèt kay yo.
- **Kle bwat mamit manyèl:** Esansyèl si rezèv manje ou a gen ladan l manje nan bwat mamit.
- **Kat lokal yo:** GPS ou kapab pa mache si sèvis rezo selilè a pa mache.
- **Medikaman ou ka achte san preskripsyon:** Tankou medikaman pou soulaje doulè, medikaman pou alèji, ak medikaman kont asid.
- **Esprey pou ensèk ak krèm pwoteksyon solèy:** Blakawout yo repete anpil apre yon tanpèt, e ou ka pase plis tan deyò oswa ak fenèt yo louvri.
- **Ekstènè dife:** Pou etenn danje dife imedyatman.
- **Lajan kach:** Ekspè yo rekòmande pou gen omwen \$250 sou ou, an ti monen, pou achte founiti ak sèvis nesèsè nan ka sistèm dijital yo ta pa mache akòz blakawout oswa rezo an pann.
- **Linèt oswa lantiy kontak:** Kenbe yon pè rezèv linèt preskripsyon oswa linèt lekti

nan twous ou, sitou si ou dwe evakye. Si ou mete lantiy kontak, pote yon ti boutèy solisyon pou lantiy kontak ak yon lòt pè lantiy kontak.

- **Atik konfò:** Liv, jwèt, oswa jwèt ka ede diminye estrès, sitou pou timoun yo.

### Priorize Dokiman Pèsonèl Yo

Anplis de ranpli kit ijans ou, asire w ou lokalize dokiman enpòtan fwaye ou tou. Kenbe kopi fizik de dokiman sa yo nan yon resipyan ki pa pran dlo, epi kenbe yon kopi dijital an sekirite nan yon memwa oswa vityèlman.

Dokiman enpòtan yo gen ladan:

- *Dosye pèsonèl:* sètifika nesans, maryaj, divòs, elatriye.
- *Identifikasyon pèsonèl:* paspò, lisans chofè, kat Sekirite Sosyal
- *Dosye kay ak machin:* kontra lwaye, papye tit kay, enfòmasyon sou prè imobilye, anrejistremen machin, detay sou kontra asirans
- *Dokiman finansye:* resi salè, nimewo kont finansye, dokiman taks
- *Dosye medikal:* kat asirans sante, enfòmasyon pou kontakte founisè swen sante ak famasi, lis medikaman sou preskripsyon

### Konsiderasyon Endividyèl

Fanmi ou ka gen bezwen espesyal ki mande preparasyon ki depase founiti debaz yo. Pandan w nan woutin chak jou ou, fè yon lis bagay esansyèl pou chak moun nan kay la. Peye anpil atansyon sou tout bagay ki bezwen kouran oswa pil espesyal pou fonksyone. Mete kantite tan maksimòm founiti sa yo kapab sèvi anvan ou bezwen yon sous kouran.

Epi tou, konsidere faktè anviwònman an ki kapab afekte avèk yon chanjman woutin. Kèk manm fanmi a ka sansib a gwo chalè pandan blakawout, sa ki ka fè li nesesè pou evakye nan yon lokal ki gen klimatizè.

Konsiderasyon komen yo gen ladan:

- Prepare yon glasyè espesyal ak blòk glas

chimik pou refwadi medikaman ki bezwen refrijerasyon

- Gen yon aparèy mobilite anplis – tankou yon baton, yon wòkè, oswa yon chèz woulan ki pa lou – disponib kòm yon rezèv
- Pote aparèy kominikasyon, tankou kat plastifye ak fraz oswa yon plim ak papye, pou ede kominike avèk lòt moun ki ka pa prepare pou akomode sèten andikap
- Kenbe yon lis nimewo modèl ak nimewo seri aparèy medikal ou yo. Si sa nesesè, pote enstriksyon espesyal pou operasyon yo.
- Si w ap ale nan yon abri, chèche yon kwen trankil lwen sòti yo pou ede minimize estrès ki genyen nan jere sitiyasyon ak espas inabityèl
- Ede yon manm fanmi ki enkyè rete kalm nan ba yo yon zòryè ak dra oswa lòt atik konfò pou kenbe yo

Pou kontinye òganize envantè ijans kay ou a, chèche plis enfòmasyon ak lis verifikasyon ki pi detaye atravè [Ready.gov](https://www.ready.gov), [Lakwa Wouj Ameriken](https://www.lakwa.gov), ak [Divizyon Jesyon Ijans Florida](https://www.divizyonjesyonijansflorida.com).



**Aprann plis bagay sou sèvis  
ak pwogram pou sitwayen  
yo avèk Bibliyotèk  
Aprantisaj nou an.**

# Kisa ki nan Kit Ou an?

## Kit Preparasyon pou Siklòn



Glas/pake glas ki ka  
resèvi pou kenbe  
manje frèt si gen  
pàn kouran



Flach oswa lanp ki  
mache ak pil



Twous premye swen  
otonòm, sa gen ladan  
medikaman pou  
bèt kay yo




Manje ak dlo pou twa  
jiska sèt jou pou chak  
moun ak chak bèt kay



Radyo bann meteyo  
pou siveye alèt  
meteyo yo



Lajan kach pou acha  
apre tanpèt la



Batri ak chajè machin  
pou telefòn yo ak  
aparèy mobil yo



Jwèt ak atik jwèt



Founiti ak manje pou  
bèt kay yo



Prela oswa fèy  
materyèl fleksib  
enpèmeyab pou sizoka  
kay ou andomaje



Dokiman enpòtan  
fwaye a (kontra asirans,  
dosye vaksinasyon,  
enfòmasyon bank)



Yon pwovizyon  
medikaman  
preskripsyon pou 10  
jou pou chak moun  
nan fwaye a ak yon lis  
kontak medikal yo

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kit pou siklòn, ale sou  
<https://www.floridadisaster.org/planprepare/hurricane-supply-checklist/>

#HurricanePrep



## Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap  
jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans  
nan jou lasemèn yo ant 8 a.m.  
ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòne](#)

## myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak  
eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

